



ÒDONANS DIJANS NIMEWO 2020-002a
RANPLASE ÒDONANS DIJANS NIMEWO 2020-002
KONTE PALM BEACH COVID-19

KONSIDERAN, COVID-19 la, yon maladi respiratwa yon viris lakòz ki gaye rapidman sòti nan yon moun ale nan yon lòt epi ki ka lakòz maladi grav oswa lanmò, reprezante yon menas klè ak aktyèl pou lavi, sante, byennèt ak sekirite moun nan Konte Palm Beach yo;

KONSIDERAN, nan dat 1ye mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye yon Dekrè Egzekitif 20-51 ki mande Depatman Sante Florid la pou pibliye yon Ijans Sante Piblik; epi

KONSIDERAN, nan dat 9 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye yon Dekrè Egzekitif 20-52 ki deklare yon eta dijans pou Eta Florid akòz COVID-19 la; epi

KONSIDERAN, nan dat 24 mas 2020 Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye Dekrè Egzekitif 20-83 ki mande Chirijyen Jeneral Eta a ak Ofisye Sante Eta a pou pibliye yon avi sante piblik pou mande moun ki aje yo ak moun ki gen kondisyon medikal grav kache ki mete yo nan pi gwo risk pou gen maladi grav nan COVID-19 la pou rete lakay yo. Kondisyon sa yo gen ladan, men pa limite ak, maladi kwonik nan poumon oswa opresyon modere rive nan grav; kondisyon kadyak grav; sitistasyon iminodeprime, ki gen ladan sila yo ki nan tretman kansè; ak obezite grav; epi

KONSIDERAN, nan dat 13 mas 2020, dapre Seksyon 252.38(3)(a)(5), Lwa Florid yo, Konte Palm Beach te deklare yon Eta Dijans lokal akòz pandemi kowonaviris la, ki te pwolonje depi lè a nan respè ak lwa ki aplikab yo; epi

KONSIDERAN, pa gen okenn vaksen oswa medikaman ki disponib nan moman an pou konbat COVID-19 la epi dapre règleman Konte Palm Beach lan, yo ankouraje moun yo anpil pou rete lakay yo epi rete san danje ak evite kite lakay yo sof si sa

nesesè; epi

KONSIDERAN, pou redui pwopagasyon COVID-19 la, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi ("CDC") Etazini an ak Depatman Sante Eta Florid ("FDOH") rekòmande aplikasyon estrateji rediksyon kominotè pou ogmante kontwòl viris la, sa ki gen ladan anilasyon gwo rasanbleman ak kenbe distans sosyal ant moun ki nan pi piti rasanbleman;

KONSIDERAN, limit nan rasanbleman yo ak itilizasyon distans sosyal la pou anpeche transmisyon COVID-19 la espesyalman enpòtan pou moun ki gen swasant (60) ane ak ki pi gran, epi pou moun ki gen kondisyon sante kwonik akòz popilasyon sa yo gen plis risk pou gen maladi grav, ospitalizasyon ak lanmò nan COVID-19 la. Sepandan, sanble ke tout moun, kèlkeswa laj oswa kondisyon sante yo, anba menas COVID-19 la epi ka ap pwopaje viris COVID-19 la menm si yo pa afiche sentòm; epi

KONSIDERAN, kantite ka COVID-19 la kontinye ogmante epi objektif CDC ak FDOH se pou ralanti pwopagasyon viris COVID-19 la nan egzije ak òdone kondisyon pou distans sosyal ak ankouraje tout granmoun yo ki gen 60 ane ak plis, ak moun ki gen kondisyon sante kwonik yo pou rete lakay epi nan ankouraje ak rekòmande moun ki gen tout laj pou evite gwoup moun ak rete lakay amwenske y ap reyalize travay enpòtan pou kominote a; epi

KONSIDERAN, zòn twa konte nan Sid Florid la, ki gen ladan Konte Miami-Dade, Konte Broward ak Konte Palm Beach, se yon kominote vwazen ki gen kontinuite komèsyal ak kiltirèl, epi ni Konte Broward ni Konte Miami-Dade te gen ogmantasyon konstan nan kantite ka COVID-19 ki lakòz plis enkyetid bò kote otorite sante piblik yo konsènan enpòtans pou kenbe distans sosyal, kenbe popilasyon ki pi aje a lakay, lave men ak pratike bon ijyèn epi swiv estrateji rediksyon CDC pwopoze yo ak ankouraje piblik la pou adopte règleman ki pi an sekirite lakay yo; epi

KONSIDERAN, aplikasyon Rete Lakay-Rete An Sekirite: Règleman Pi an Sekirite Lakay nan Òdonans Dijans 2020-003a Konte Palm Beach lan gen posiblite pou sove lavi rezidan yo nan Konte a, manm fanmi yo ak zanmi yo ak lòt moun nan kominote a, epitou pou prezève resous ki ra yo pou pèmèt kominote sante a jwenn tan pou prepare plis tretman ak ekipman pou ralanti pwopagasyon viris COVID-19 la; epi

KONSIDERAN, Konte Palm Beach te pibliye Òdonans No. 2020-002 COVID-19 li a nan dat 25 mas 2020 ki te antre anvigè nan 26 mas 2020 nan 5:00 p.m., epi

KONSIDERAN, li nesesè pou klarifye kèk dispozisyon nan Òdonans No. 2020-002 a ak pou retire salon kwafi ak salon zong yo nan lis biznis esansyèl; epi

KONSIDERAN, kontinuite operasyon biznis ki enpòtan yo nesesè pou bay piblik la pwodui ak sèvis, pou kenbe piblik la an sante epi pou garanti disponiblite founiti yo; epi

KONSIDERAN, Òdonans Dijans sa a nesesè pou pwoteje lavi, sante, byennèt ak sekirite rezidan Konte a kont enpak devastatè pandemi sa a,

KOUNYE A, PA KONSEKAN, NOU ÒDONE ISIT LA dapre Atik II, Chapit 9, Seksyon 9-35, Kòd Konte Palm Beach, ansanm ak otorite yo ban mwen nan Deklarasyon Dijans Gouvènè DeSantis te pibliye nan Dekrè Egzekitif 20-52 pa Chapit 252 Lwa Florid yo, Konsèy Manm Komisyon Komite a ak Plan Jesyon Dijans Global Konte Palm Beach lan, òdone konsa:

Seksyon 1. Òdonans Dijans sa a konplèmantè epi anplis règleman Rete Lakay-Rete An Sekirite Konte Palm Beach lan: Règleman Pi An Sekirite Lakay la (Òdonans Dijans 2020-3a), Dekrè Egzekitif Gouvènè DeSantis te pibliye yo, ki gen ladan, men pa limite ak, Dekrè Egzekitif 20-70, 20-71, 70-72 ak 20-83 ak nenpòt Dekrè Egzekitif anplis ke Gouvènè DeSantis oswa Prezidan an ka te pibliye ki ka aplikab pou

Konte Palm Beach. Òdonans Dijans sa a ranplase Òdonans Dijans 2020-002 ki anvigè nan 12:01 nan dat 30 mas 2020.

Seksyon 2. Òdonans Dijans lan aplike pou zòn yo ki entegre ak ki pa entegre nan Konte Palm Beach men ki pa gen aplikasyon andeyò Konte Palm Beach.

Seksyon 3. Tout lokal biznis an detay ak komèsyal ki pa esansyèl yo (sa vle di tout sa ki pa konsidere klèman kòm esansyèl jan sa deklare nan Seksyon 4 anba a) dwe fèmen eksepte nan mezi nesèsè pou reyalize operasyon debaz minimòm. "Operasyon Debaz Minimòm" vle di aktivite ki nesèsè pou kenbe valè estòk, konsève kondisyon enstalasyon ak ekipman, angaje nan ekspedisyon pwodui sou entènèt san pa bezwen gen kliyan nan lokal biznis la, asire sekirite, trete peman ak avantaj anplwaye yo epi fasilite anplwaye k ap travay a distans, depi Operasyon Debaz Minimòm yo ap pratike ak asire anplwaye ak moun k ap entèraji avèk biznis sa yo epi nan biznis sa yo pratike distans sosyal ak tout lòt mezi jan CDC ak FDOH rekòmande sa.

Seksyon 4. Biznis an detay ak komèsyal annapre yo konsidere kòm esansyèl epi lokal biznis an detay ak komèsyal biznis ki egziste sa yo ka rete louvri men yo responsab pou asire e dwe asire anplwaye yo ak tout moun k ap entèraji avèk biznis sa yo epi biznis sa yo pratike distans sosyal ak tout lòt mezi jan CDC ak FDOH rekòmande sa epi bay swen espesyal ak atansyon sa a pou pwoteje tout moun ki gen 60 ane ak plis ki ka antre an kontak ak biznis la oswa travay nan biznis la; epi

a. Eksepte nan mezi Dekrè Egzekitif 20-70, 20-71, 20-72, 20-83 Gouvènè a anpeche sa oswa nenpòt Dekrè Egzekitif oswa dekrè Prezidan an, founisè swen sante yo ak operasyon sante piblik yo ki te pibliye anvan oswa apre, ki gen ladan men pa limite ak: lopital; biwo doktè ak dantis; sant swen ijan, klinik ak sant reyabilitasyon; terapet fizik; pwofesyonèl sante mantal; sikyat; terapet; sèvis rechèch ak laboratwa; bank san, sant kanabis medikal; ekipman medikal, aparèy ak lòt fabrikan ak founisè swen sante; rechèch, sant tès ak laboratwa; founisè swen sante repwodiktif; sant swen je; founisè sèvis swen sante lakay; founisè abi sibstans; sèvis transpò medikal; ak famasi;

b. Boutik manje, mache pwodiktè agrikòl, bank agrikòl ak pwodui, makèt, bank alimantè, ti boutik ak lòt etablisman ki angaje prensipalman nan vant an detay manje nan konsèrv, pwodui sèk, fwi ak legim fre, pwodui ti bebe, founiti pou bèt, alkòl, vyann fre ak konjele, pwason, volay ak nenpòt lòt pwodui konsomasyon nan kay (tankou pwodui netwayaj ak swen pèsònèl). Otorizasyon sa a pou rete louvri an gen ladan magazen ki vann episri epitou ki vann lòt pwodui ki pa episri ak pwodui ki nesèsè pou kenbe sekirite, ijyèn ak operasyon esansyèl rezidans yo ak lòt estrikti yo;

c. Biznis yo angaje nan pwodiksyon manje, ki gen ladan agrikilti, betay ak lapèch;

d. Biznis ki bay manje, abri, sèvis sosyal ak lòt nesèsite lavi pou moun ki defavorize ekonomikman oswa ki gen bezwen;

e. Jounal, televizyon, radyo ak lòt sèvis medya;

f. Ponp gazolin, konsesyonè otomobil nouvo ak itilize, apwovizyonman otomobil, reparasyon otomobil ak lòt enstalasyon ki gen rapò;

g. Bank ak enstitisyon finansye ki gen rapò, ki gen ladan konpayi asirans ak boutik;
plàn;

h. Kenkayri, jadinaj ak magazen materyèl konstriksyon;

i. Founisè ak lòt komèsan, jesyon ak antretyen bilding (ki gen ladan konpayi netwayaj ki sèvi biznis komèsyal yo), antrepriz sekirite kay, restorasyon domaj dife ak dlo, ekspè nan asirans, pèsònèl reparasyon aparèy, ekstèminatè ak lòt founisè sèvis ki bay sèvis ki nesèsè pou kenbe sekirite, ijyèn ak operasyon esansyèl rezidans ak lòt estrikti yo;

j. Biznis ki prensipalman bay sèvis kourye, lojistik, ranmasaj ak ekspedisyon, ki gen ladan bwat postal;

k. Kolèj prive, lekòl komès ak kolèj teknik men sèlman jan sa nesesè pou fasilite aprantisaj sou entènèt oswa a distans, reyalize rechèch ki enpòtan oswa reyalize fonksyon esansyèl, inivèsite, kolèj oswa sal rezidans kolèj teknik yo men sèlman nan mezi nesesè pou akomode etidyan yo ki pa ka tounen lakay yo;

l. Sal lesiv, boutik lavaj ak pasaj rad ak founisè sèvis lesiv;

m. Restoran ak lòt etablisman ki prepare ak sèvi manje men ki sijè ak limit ak kondisyon Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki egziste kounye a oswa ki te pibliye apre, ki gen ladan men pa limite ak Dekrè Egzekitif 20-68, 20-70, 20-71 ak 20-83. Lekòl ak lòt antite ki nòmalman bay sèvis alimantè gratis pou elèv oswa manm piblik la ka kontinye fè sa sou kondisyon ke manje a bay ak elèv oswa manm piblik la nan fason pou yo pase pran ak pou anpòte yo sèlman. Lekòl ak lòt antite yo ki bay sèvis alimantè nan kad egzansyon sa a pa dwe kite yo manje manje a nan espas kote yo bay li a oswa nan okenn lòt espas rasanbleman ki sou kontwòl yo;

n. Biznis ki prensipalman founi pwodui biwo ki nesesè pou moun travay depi lakay (men ki pa gen ladan biznis ki prensipalman vann oswa lwe mèb sof si biznis la ap bay sèvis sou entènèt sèlman);

o. Biznis ki prensipalman founi lòt biznis enpòtan, jan sa endike nan Òdonans Dijans sa a, avèk sipò oswa founiti nesesè pou fonksyone, epi ki pa entèraji avèk piblik jeneral la, ki gen ladan konpayi sibèsekirite (men ki pa gen ladan biznis ki prensipalman vann oswa lwe mèb sof si biznis ap bay sèvis sou entènèt sèlman);

p. Biznis ki prensipalman ekspedye oswa livre episri, manje, pwodui oswa sèvis dirèkteman bay rezidan yo;

q. Liy ayeryen, taksi, ak lòt founisè transpò prive ki bay sèvis transpò atravè otomobil, kamyon, bato, otobis, oswa tren;

r. Biznis ki angaje nan bay swen lakay pou granmoun aje, granmoun oswa timoun;

s. Lojman pou ede pran swen, mezon retrèt, sant gadri pou granmoun, ak anviwònman lakay ak rezidansyèl pou granmoun, granmoun aje, timoun, ak/oswa moun ki gen andikap oswa maladi mantal, sepandan sou kondisyon, ke biznis sa yo responsab pou direktiv CDC ak FDOH yo epi dwe respekte tout, epi te mete sou plas fòmasyon pou anplwaye, founisè yo ak vizitè yo dapre kondisyon CDC ak FDOH yo; epi

t. Biznis ki bay sèvis pwofesyonèl, tankou sèvis jiridik oswa sèvis kontablite, nan mezi sèvis sa yo bay dapre direktiv CDC ak FDOH yo nan respekte kondisyon distans sosyal pou anplwaye ak kliyan epi pa pèmèt reyinyon gwoup kliyan oswa anplwaye;

u. Biznis amenajman dekò ak pisin, ki gen ladan dekò rezidansyèl ak sèvis swen pisin, sou kondisyon sepandan, tout anplwaye yo dwe jwenn fòmasyon sou direktiv CDC ak FDOH yo ki gen ladan distans sosyal epi biznis sa yo responsab pou asire konfòmite avèk direktiv sa yo ak an patikilye, konsènan entèraksyon avèk kliyan ki gen 60 ane oswa plis;

v. Etablisman gadri timoun ki bay sèvis ki pèmèt anplwaye yo ki egzante nan Òdonans Dijans sa a travay jan yo pèmèt sa. Nan mezi posib, etablisman gadri yo dwe fonksyone nan kondisyon annapre yo: Gadri timoun yo dwe fèt nan gwoup 10 oswa mwens, ki estab (enkli founisè gadri pou gwoup la); timoun yo ak founisè sèvis gadri yo pa dwe chanje sòti nan yon gwoup pou ale nan yon lòt; si gen plis pase yon gwoup timoun ki nan gadri nan yon sèl etablisman, chak gwoup dwe nan sal ki apa. Gwoup yo pa dwe melanje oswa entèraji youn ak lòt. Tout aparèy pou jwe yo ke yon

gwoup timoun te itilize dwe lave ak dezenfekte anvan yon lòt gwoup timoun itilize yo. Nenpòt timoun ki afiche sentòm ki konpatib avèk maladi maladi COVID-19 la pa dwe otorize pou rete nan etablisman gadri a;

w. Biznis ki fonksyone nan nenpòt ayewopò, pò maritim oswa lòt enstalasyon gouvènman an ekspete jan sa prevwa nan Dekrè Egzekitif 20-71 Gouvènè a ki egzije tout restoran ak etablisman alimantè lisansye yo nan kad Chapit 500 ak 509 la pou sispann konsomasyon manje ak alkòl sou plas epi eksepte pou biznis ki fonksyone depi nan etablisman Konte Palm Beach yo kote gen lòt direktiv oswa ki pral pibliye;

x. Founisè sèvis lojistik, ki gen ladan depo, sèvis kamyon, konsolidatè, fimigatè ak moun ki fè antretyen;

y. Founisè sèvis telekominikasyon, ki gen ladan lavant òdinatè oswa aparèy telekominikasyon ak dispozisyon lojman;

z. Biznis ki angaje nan founi gaz pwopàn oswa gaz natirèl;

aa. Biznis ki angaje nan founi espas biwo ak sipò administratif ki nesesè pou reyalize nenpòt nan aktivite ki mansyone anwo a;

bb. Louvri sit konstriksyon, endepandamman de ki kalite bilding;

cc. Biznis ki bay sèvis achitekti, jeni, oswa apantaj sou kondisyon ke biznis sa yo ap fonksyone nan tout konfòmite ak tout mezi yo CDC ak FDOH rekòmande konsènan distans sosyal;

dd. Faktori, depo, enstalasyon fabrikasyon, faktori anbouteyaj, oswa lòt enstalasyon distribisyon endistriyèl ak chèn apwovizyonman ki itilize pou pwodui esansyèl ak endistri pou mache lokal Etazini an;

ee. Sèvis jesyon fatra, ki gen ladan biznis ki angaje yo prensipalman nan ranmase ak jete fatra;

ff. Otèl, motèl, lòt etablisman lojman komèsyal ak lokal pou vakans tanporè, ki sijè ak limit ki mansyone nan Dekrè Egzekitif 20-70 ak Dekrè Egzekitif 20-87 Otèl, motèl ak lòt etablisman lojman komèsyal yo pa dwe aksepte nouvo rezèvasyon pou moun sof pou moun ki lokatè esansyèl. "Lokatè esansyèl" defini tankou: (1) pwofesyonèl swen sante; (2) premye entèvenan yo; (3) manm Gad Nasyonal; (4) lapolis; (5) anplwaye eta oswa gouvènman federal; (6) manm ekipaj konpayi ayeryen; (7) pasyan; (8) fanmi pasyan; (9) jounalis; (10) lòt moun ki ofri sèvis dirèk pou reponn ak COVID-19; (11) rezidan oswa vizitè ki deplase; (12) moun ki itilize otèl kòm aranjman tanporè pou viv; (13) moun ki rete nan otèl akòz vyolans domestik; (14) anplwaye otèl, founisè sèvis, ak kontraktè; oswa (15) moun ki, pou nenpòt ki rezon, pa kapab tanporèman rete lakay yo akòz sikonstans ijan;

gg. Veterinè ak swayan mobil pou bèt konpay ak sant pou bèt konpay;

hh. Mòg, ponp finèb, krematwa ak simityè ki gen ladan sèvis finerè ak ensinerasyon ak founisè pwodui finerè pou prestatè sèvis finerè a ak sèvis ki gen rapò tankou transpò kò oswa sèvis eliminasyon ak prestatè sèvis ak sèvis ki gen rapò ak don ògàn;

ii. Magazen founiti zam a fe ak minisyon:

jj. Biznis ki bay sèvis pou nenpòt gouvènman lokal, eta oswa federal dapre yon kontra oswa òdonans avèk gouvènman sa a epi sou kondisyon ke sèvis sa yo gen rapò dirèkteman ak yon entèvansyon gouvènmantal nan kriz COVID-19 la;

kk. Nenpòt ki biznis ki anboche senk (5) oswa mwens moun, ki gen ladan jesyon/pwopriyete, kote anplwaye yo pa gen kontak regilye ak piblik jeneral la pandan dewoulman regilye biznis la epi biznis la ka mennen biznis li nan yon fason ki respekte distans sosyal yo rekòmande a ak lòt kondisyon nan dekrè egzekitif anvan yo, eksepte

nan mezi sa pa koyeran avèk nenpòt ki Dekrè Egzekitif oswa règleman ke Gouvènè Florid, eta a, oswa nenpòt ki otorite federal te pibliye;

ll. Sèvis pwodiksyon ak distribisyon elektrik;

mm. Sèvis demenajman, estokaj ak delokalizasyon;

nn. Biznis ki konsidere kòm enpòtan pou sekirite nasyonal, ki gen ladan, men ki pa limite ak, defans, ransèyman ak devlopman, fabrikasyon ak tès ayewospasyal.

Seksyon 5. Malgre sa ki endike anwo a epi anplis nenpòt Operasyon Debaz Minimòm, tout biznis an detay ak komèsyal yo ka reyalize travay a distans pou anplwaye yon biznis ka kominike youn ak lòt ak/oswa avèk kliyan yo sèlman atravè mwayen elektwonik oswa telefòn, epi livre sèvis oswa pwodui yo sèlman atravè mwayen elektwonik oswa kourye, ekspedisyon oswa sèvis livrezon. Sa gen ladan ajan imobilye ki pa pral reyalize okenn jounen pòt louvri, men ka rete louvri nan mezi biznis lan ka fonksyone a distans ak pa mwayen elektwonik epi jan sa ka fèt nan respè kondisyon CDC ak FDOH yo pou fèmen ak finalize tranzaksyon ankou ki egziste yo.

Seksyon 6. Òdonans sa a pa afekte oswa pa limite operasyon Konte Palm Beach yo, okenn minisipalite, Distri Lekòl Konte Palm Beach lan oswa okenn lòt antite gouvènman lokal la nan Konte Palm Beach oswa nenpòt biwo oswa etablisman Eta oswa Federal.

Seksyon 7. Òdonans sa a pa limite kantite moun ki ka fizikman prezan epi k ap bay sèvis sou plas ki gen rapò ak operasyon yon biznis esansyèl eksepte jan sa te klèman etabli isit la oswa jan òdonans oswa règleman yon Eta oswa Federal etabli sa. Tout moun sa yo gen obligasyon nan tout mezi sa ka fèt pou fonksyone nan tout respè ak tout mezi CDC ak FDOH rekòmande yo ki gen ladan pratike distans sosyal ak limite gwosè gwoup yo a mwens pase dis (10) moun.

Seksyon 8. Òdonans sa a pa aplike pou mete restriksyon sou operasyon gaz natirèl, dlo, sèvis elektrisite ak founisè sèvis kab yo. Sa gen ladan nenpòt kamyon oswa konpayi transpò ke nenpòt nan konpayi sèvis piblik sa yo te fè kontra ak yo pou livre pwodui ak sèvis.

Òdonans sa a pa limite sèvis relijye nan okenn lokal men tout moun k ap fè oswa patisipe nan sèvis relijye ankouraje pou respekte tout mezi CDC ak FDOH rekòmande yo, ki gen ladan rasanbleman pa plis pase dis (10) moun ak pratike distans sosyal omwen sis (6) pye ant moun yo.

Seksyon 9. Aplikabilite.

Òdonans Dijans lan dwe aplike pou biznis an detay ak komèsyal yo sou baz dewoulman regilye aktivite biznis yo apati 30 mas 2020; nenpòt chanjman nan pòte aktivite biznis yon antite apre 30 mas 2020 pa dwe modifiye kalifikasyon antite a kòm esansyèl oswa pa esansyèl.

Seksyon 10. Separabilite.

Nenpòt dispozisyon nan Òdonans Dijans sa a ki gen konfli avèk nenpòt dispozisyon lwa eta oswa federal oswa dispozisyon konstitisyonèl oswa konfli avèk oswa ki gen yon Dekrè Egzekitif Gouvènè oswa Prezidan Etazini ki aktyèl oswa ki pibliye apre ki ranplase yo, ap konsidere kòm pa aplikab epi konsidere kòm separe de Òdonans Dijans sa a avèk rès Òdonans Dijans lan ki rete entak ak anvigè. Nan mezi aplikasyon kèk oswa tout dispozisyon Òdonans Dijans sa a entèdi sou teritwa souvren yon tribi souvren oswa Endyen ke gouvènman federal la oswa eta a rekonèt, aplikasyon sa a ap eskli klèman nan Òdonans Dijans lan.

Seksyon 11. Dat li anvigè; Dire.

Òdonans sa a dwe antre anvigè nan 12:01 a.m. nan dat 30 mas 2020. Òdonans sa a ap ekspire lè Eta Dijans Lokal aktyèl la fini, menm jan li ka

pwolonje atravè yon lòt òdonans oswa deklarasyon amwenske gen yon lòt Òdonans
Dijans ki te gentan mete fen ladan

Se volontèman nou kite rèspaj sa a vid.

KONTE PALM BEACH, FLORID

SIFIZANS JIRIDIK

Pa: _____ [Siyati] _____
VERDENIA BAKER, ADMINISTRATÈ KONTE

Pa: _____ [Siyati] _____
Pwokirè Konte

29 mas 2020

ATESTE AK DEPOZE
GREFYE AK KONTWOLÈ
